

Bondye renmen san limit,
ou rasanble nou an premye
nan dlo batèm
e w-ap dirije nou nan lavi
ak fidelite.

Leve nan mitan fanmi
pawas nou, lidè pou sèvi
pèp Ou-a kòm Pè, Mè,
Frè ak Dyak.

Bay sila W-ap rele yo
gras ak kouraj pou disène
kijan pou yo sèvi-w pi byen.
Bay bon kè a nou tout pou
nou ka ankouraje
yo sou wout la.

Nou mande-w sa pa
Jezu-Kri ak Lespri
Sen, kounye-a
ak pou tout tan.
Amèn.


VOCATION OFFICE
Diocese of Brooklyn

Phone: 718-827-2454

email: vocations@diobrook.org

www.dioceseofbrooklyn.org/vocations

www.BrooklynPriests.org



*“Pa pè,
paske Mwen
rachte-w;
Mwen rele-w
pa non-w;
ou se pa-M.”*

Izayi 43:1

*Ou ka yon
enstriman
pou ede
lòt tannde
apèl
Bondye.*

Yon pwosesis envitasyon
pou vokasyon Legliz

Chè zanmi-m yo,

Pawòl pwofèt Izayi kontinye gen pouvwa nan tan nou jodi-a: "Mwen rele-w pa non-w; ou se pam" (Izayi 43: 1).

Yon jan patikilye Granmèt Jezu non sèlman rele men Li envite jenn gason ak fi pou yo konsidere vokasyon pou fè pè, lavi relijyèz ak dyakona kòm yon fason mèveye pou pase lavi yo. Li klè Granmèt itilize moun espesyal pou bay envitasyon sa pou jenn moun nou yo ka tandè vreman vwa Li k-ap envite yo konsidere yon vokasyon relijyèz. Se te yon benediksyon pou mwen pou fè eksperyans lafwa nan kominote-a ki te gen yon enfluyans sou pwòp vokasyon-m pou fè pè. Konbyen w enpòtan pou travay ankouraje vokasyon. Granmèt la itilize-w kòm enstriman-L pou plante ti-grenn nan e envite jenn moun pou yo konsidere yon vokasyon relijyèz.

Mwen espere w-ap pran inisyativ pou sipòte pwogram sa pa soumèt nan lapriyè non nenpòt jenn moun ou santi ta ka fè yon bon pè, mè, frè ou byen dyak nan kat repons ki va disponib an Janvye.

Mèsi pou tou sa w-ap fè pou sipòte Legliz la e vokasyon. Tanpri lapriyè pou siksè inisyativ sa ak pou tout pè, tout relijye ak tout dyak yo.

Sensèman nan Kris,

Nicholas DiMarzio

Monseyè Nicholas DiMarzio, Ph.D., D.D.
Evèk Brooklyn

Kalite dezire kay yon Kandida Pou Fè Pè, Dyakona ak Lavi Relijyèz

LI:

**Alèz ak tèt li, gen *entelijans* mwayèn
ou pi ro e li gen bòn sante fizik,
mantal ak emosyonèl.**

**Pare pou *sakrifye* avantaj pèsònèl ou
materyèl pou sèvis Levanjil ak Legliz la.**

**Konsidere yon relasyon *pèsònèl* ak
Bondye kòm yon pati enpòtan lavi.**

**Fòme e kenbe *relasyon*
balanse ak ni gason ni fi.**

**Gen abilite ak *volonte* pou
pale sou lavi lafwa-l.**

**Gen abilite pou *kondwi*
e travay ak moun tout laj.**

**Gen *dezi* pou sèvi lòt moun
e fè diferans nan lavi yo.**

***Renmen* lavi, moun e li gen sans blag.**

Se moun rekonèt yo ka *pwoche*-l.

***Rekonèt* enpòtans Legliz la.**

**Nou mande-w pou ba nou non
you moun ou santi gen kalite sa yo
kòm kandida pou fè pè, dyakona
ou lavi relijyèz.**

**Kat repons va disponib
nan legliz fen semenn
14-15 ak 21-22 Janvye 2012.
Tout kat pou tounen bay legliz
ou presbitè Dimanch
29 Janvye 2012 pou pi ta.**

**Pou plis lenfòmasyon sou pwogram
CALLED BY NAME ou vokasyon nan
Legliz, tanpri rele Vocation Office
nan 718-827-2454 ou e-mail yo nan
vocations@diobrook.org.**

